

Wangsulana pitakon ing ngisor iki kanthi cara nulis wangsulane ing njero kotak wangsulan !

Puntadewa

Puntadewa kuwi pambarepe Pandhawa. Putrane Pandhu Dewanata lan ibune Dewi Kunthi. Prabu Puntadewa nata ratu ing Ngamarta. Garwane aran Dewi Drupadi lan peputra Raden Pancawala. Puntadewa duweni watak jujur, ora tau nesu, lembah manah, lan seneng ngalah. Puntadewa duweni getih putih utawa ludira seta, lan jiwa suci. Prabu Puntadewa jenenge akeh, ana sing nyebut Yudhistira, Gunatalikrama, utawa Prabu Darmakusuma.

1. Irah-irahan wacan crita wayang ing dhuwur yaiku

- a. Raden Puntadewa
- b. Raden Yudhistira
- c. Puntadewa
- d. Yudhistira

Wangsulan :

2. Puntadewa raja ing kraton

- a. Ngamarta
- b. Ngalengka
- c. Ngastina
- d. Darawati

Wangsulan :

3. Prabu Puntadewa iku ratu kang berbudi bawa

- a. luhur
- b. sabar
- c. laksana
- d. wicaksana

Wangsulan :

4. Ibune Puntadewa yaiku

- a. Ibu Drupadi
- b. Ibu Madrim
- c. Ibu Anjani
- d. Ibu Kunthi

Wangsulan :

5. Pandhawa iku cacane ana

- a. 5
- b. 6
- c. 7
- d. 8

Wangsulan :

6. Pambarepe Pandhawa yaiku

- a. Raden Werkudara
- b. Raden Puntadewa
- c. Raden Bimasena
- d. Raden Arjuna

Wangsulan :

7. Prabu Puntadewa putranipun....

- a. Prabu Drestarasta
- b. Pandhu Dewanata
- c. Prabu Salya
- d. Prabu Kresna

Wangsulan :

8. Putranipun Prabu Puntadewa inggih punika

- a. Raden Gathotkaca
- b. Raden Abimanyu
- c. Raden Antareja
- d. Raden Pancawala

Wangsulan :

9. Amarga kondhang sabar lan becik bebudine, Prabu Yudhistira kasebut

- a. ludira seta
- b. ludira wilis
- c. ludira rekta
- d. ludira langking

Wangsulan :

10. Garwanipun Prabu Puntadewa inggih punika

- a. Dewi Sembadra
- b. Dewi Banowati
- c. Dewi Drupadi
- d. Dewi Larasati

Wangsulan :

11. Gurune Pandhawa kang madeg senapati agung ing perang Baratayuda yaiku ...

- a. Resi Subali
- b. Pandhita Durna
- c. Pandhita Drupada
- d. Pandhita Kresna

Wangsulan :

12. Pusakanipun Prabu Puntadhewa inggih punika

- a. Jamus kalimasada
- b. Gada rujakpolo
- c. Kuku pancanaka
- d. Kunta wijayadanu

Wangsulan :

13. Prabu Yudhistira iku ratu ingkang

Wangsulan :

- a. kerep maju perang
- b. pinter banget perang
- c. seneng banget perang
- d. ora bisa perang

14. Prabu Yudhistira yen ngendhika ora nate dora. Ora nate dora tegese

Wangsulan :

- a. ora tau ngapusi
- b. ora tau keliru
- c. ora keliru
- d. ora becik

15. Prabu Puntadhewa duwe kadang ingkang asma

Wangsulan :

- a. Raden Gathutkaca
- b. Raden Arjuna
- c. Raden Salyapati
- d. Raden Sentanu